



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY PLIS KE 38 MILYON DOLA POU EDE KONTE YO PREPARE POU TRANZISYON POU NEXT GENERATION 911 LA

*Finansman an sipòte amelyorasyon rezo fib optik ki pral konekte nan tout eta a lè
Next Generation 911 la fin aplike nèt*

Gouvènè Kathy Hochul te akòde jodi a plis pase 38 milyon dola pou sipòte ranfòsman enfrastrikti rezo fib optik sant 911 yo bezwen pou yo ka pase nan nivo Next Generation 911 (Nouvo Jenerasyon 911). Atravè Pwogram Sibvansyon Preparasyon pou Rezo IP Sèvis Ijans (ESInet) eta a, chak konte nan tout eta a ki te aplike, ansanm ak Vil Nouyòk, te resevwa 689,655 dola pou sipòte travay sa a.

"Sant 911 nou yo se fondasyon sekirite piblik la epi li enpòtan anpil pou teknoloji ki sipòte yo amelyore pou l vin pi bon posib", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap travay pou aplike Next Gen 911 la, finansman sa a pral enpòtan anpil pou patnè lokal nou yo fè amelyorasyon ki nesèsè yo pou ede asire ke chak apèl 911 jwenn repons rapidman e yon fason efikas."

Next Generation 911 refere a yon enfrastrikti dijital ke sant 911 yo itilize ki kapab jere vwa, tèks, foto ak videyo. Aplikasyon enfrastrikti sa a pral ede amelyore prezilyon lokalizasyon, rezistans, ak pataj done ant moun k ap resevwa apèl yo ak sekouris yo. Li ranplase rezo analòg demode yo, tankou sa yo itilize nan pifò nan Nouyòk, ak yon sistèm modèn, entèkonekte ki kapab jere plis kalite kominikasyon epi bay pi bon enfòmasyon pou operasyon repons ijans ki pi solid ak pi efikas.

Komisè pa entèrim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta Nouyòk la, Terry O'Leary, te deklare, "Avèk teknoloji ki toujou ap evolye, elaji fason Nouyòkè yo ka konekte ak 911 ede amelyore sekirite piblik epi fè èd la pi aksesib. Operatè 911 yo se premye liy defans lan epi li esansyèl pou nou asire yo gen resous yo bezwen pou modènize sistèm yo pandan n ap travay ansanm pou aplike NextGen 911 nan tout eta a."

Prim sa yo apiye sou efò kontinyèl Gouvènè a pou sipòte kapasite konte yo pou yo kòmanse fè tranzisyon an nan Next Generation 911 la. Tou dènyèman, Gouvènè Hochul [te anonse 85 milyon dola](#) nan sibvansyon ki te akòde pou jwenn aksè ak ekipman ak lojisyèl modèn pou jere apèl ki nesèsè pou sant 911 yo ka fonksyone nan yon anviwònman Next Generation 911.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon hbbnak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)